

## SARI

Widayanti, Sri. 2010. *Tokoh dan Penokohan Novel Donyane Wong Culika Karya Suparto Brata*. Skripsi. Program Studi Pendidikan Bahasa dan Sastra Jawa, Jurusan Bahasa dan Sastra Jawa. Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Semarang. Pembimbing I: Dr. Teguh Supriyanto, M.Hum. Pembimbing II: Mujimin, SPd.

Tembung pangrunut : tokoh, penokohan, novel *Donyane Wong Culika*

Paraga lan pamaraga mujudakae kanthi temenan ana ing crita. Paraga lan pamaraga bisa netepakae alur crita utawa dalan crita. Pamaraga uga duweni peranan kanggo mujudake tema sarta nyampekake pesan utawa amanah. Crita ing novel *Donyane Wong Culika* (DWC) karya Suparto Brata katon urip kanthi crita ngenani uripe para paraga, jangkep kanthi sakabehing perkarang kang dumadi sedina-dina kang mesthi duweni watek dhewe-dhewe kanggo mangerteni pamaraga para paraga ing novel DWC.

Adhedasar andharan mau, perkara ing skripsi iki yaiku kepriye paraga novel *DWC* anggitane Suparto Brata lan kepriye pamaraga novel *DWC* anggitane Suparto Brata ? Ancas panaliten iki njlentrehake paraga lan pamaraga novel *DWC* anggitane Suparto Brata.

Panaliten iki migunakake *pendekatan objektif*. Sasaran crita bisa njlentrehake kanthi analisis paraga lan pamaraga novel *DWC* anggitane Suparto Brata. Sumber *data* yaiku novel *DWC* anggitane Suparto Brata kang *diterbitake* taun 2004 dening P.T Narasi kang kandele 535 kaca.

Asil panaliten iki njlentrehake paraga utamane ing crita *DWC* yaiku Tukinim lan Pratinah amarga asring kacritakake. Paraga tambahan yaiku Sukardi, Madusari, Santinet, Mintarti, Saksana, Den Darmin, Steffy Tjia, lan Den Jodi. Paraga statis yaiku Tukinim, Madusari, saksana, lan Steffy Tjia. Paraga *berkembang* yaiku Sukardi, Pratinah, Kasminta, Saksana, Mintarti, Den Darmin, Santinet lan Den Jodi. Paraga utama ora mesthi duweni watak apik, semono uga tokoh tambahan ora mesthi duweni watak ala.

Pamaraga novel *DWC* karya Suparto Brata digambarake kanthi acak. Gambaran kanthi acak kasebut yaiku teges, penggoda, sregep, apik atine, sumeh, sopan, pinter, rasa ingin ngerti, seneng nulung, kejem, ora gampang nyerah, rasa welas asih, percaya marang kanca, perayu, rasa ngormati marang bojo, ngapusi, semangat, jujur, jiwa nasionalisme, lucu, meneng, tumindak ala, lemah, jahil, kendhel, lan umuk. Pamaraga ing novel *DWC* bisa diungkapke kanthi ekspositori lan dramatik.

Asil ing panaliten iki diajab supaya bisa dadi dalan kanggo anane panaliten sing anyar, mligine panaliten babagan novel *DWC* anggitane Suparto Brata utawa angitan-angitan liya, supaya sastra Jawa bisa moncer lan bisa ngrangsang nglairake angitan-angitan sastra sing anyar. Panaliten iki uga bisa nambahi ngelmu lan kawruh ing donyane apresiasi karya sastra Jawa.